

# FAQ

**Kisa yon diplòm ekivalan lekòl segondè (*high school equivalency*, HSE) ye epi kisa mwen ka fè avèk li?**

Yon diplòm HSE se yon lòt chemen ou ka pran pou gradye (ki rele tou GED®). L ap ba ou bon opòtinite pou lavi apre gradyasyon tankou ale nan kolèj ak pwogram fòmasyon pwofesyonèl. Si w deja gen yon travay, yon diplòm HSE pral ogmante opsyon w pou karyè w ak kòb wap touche!

**Kisa yon sant rekòmandasyon ye?**

Sant rekòmandasyon se yon kote ou ka jwenn repons pou tout kesyon ki gen rapò avèk edikasyon. Nou ka ede w enskri pou pwogram HSE gratis, ak/oswa wè ki lòt altènativ ou genyen pou lekòl segondè. Nou ka bay rekòmandasyon tou pou divès sèvis sipò tankou konsèy, fòmasyon pou karyè, ak pwogram sou izaj pwodui toksik.

**Kisa chemen pou gradyasyon (Pathways to Graduation, P2G) ye?**

P2G se yon pwogram gratis Distri 79 ki prepare elèv laj ant 17 ak 21 ane pou yo pran egzamen GED a, gen diplòm HSE yo a, epi ale nan kolèj ak jwenn opòtinite pou karyè yo.

**Lekòl segondè tradisyonèl yo pa t nan avantaj mwen. Ki diferans ki genyen nan P2G a?**

Nan P2G, nou ofri elèv yo plis pase ansèyman nan salklas. Pwofesè P2G yo gen klas nan divès anviwònman tankou lopital, ONG, sant kominotè ak bilding lekòl segondè. Konseye nou yo ap ede w ranmase konesans ki nesèsè pou reyisi nan kolèj ak nan travay. Coaches pou kolèj ak karyè ap ede w fè planifyasyon pou avni w. Pwogram devlopman pou anviwònman travay nou an ofri opòtinite fòmasyon pwofesyonèl ak estaj peye.

**Mwen gen plis pase 21 ane. Kòman mwen ka pran yon diplòm HSE?**

Si w gen plis pase 21 ane, Adult Education ka ede w gen diplòm HSE ou a. Jwenn plis enfòmasyon sou [www.schools.nyc.gov](http://www.schools.nyc.gov) oswa rele (646) 481-8227

## 6 LOKAL BYEN KONVENYAN

Anrejistre la a

**Bronx** **718.518.3320**

1010 Rev James A Polite Ave, Room 436  
Tren: 2 or 5 desann Prospect Ave  
Otobis: Bx4, Bx6, Bx17

**Downtown Brooklyn** **718.935.9457**

69 Schermerhorn Street  
Tren: 2,3,4,5 to Borough Hall; A, C, F, R to Jay Street/Metro Tech; D, B, N, Q to Dekalb Ave  
Otobis: B52, B26, B41, B103, B45, B57

**Boys and Girls Referral Center** **718.804.6750**

1700 Fulton Street, 3rd Floor Brooklyn, NY 11213  
Tren: A, C Otobis: B25,B15

**Manhattan** **212.244.1274**

269 West 35th Street, at 8th Ave, 11th Floor  
Tren: 1, 2, 3, A, B, C, D, E, F, N, Q, R to 34th St Bus: M10, M11, M16, M20, M34

**Queens** **718.739.2100**

162-02 Hillside Ave  
Jamaica Queens 11432  
Tren: F  
Otobis: Q1,Q2, Q3, Q36,Q43, Q65

**Staten Island**

365 Bay Street  
Staten Island. NY 10301  
(917) 722-3800

Pou plis enfòmasyon  
Telefòn sant rekòmandasyon: **929.352-2206**  
Website: [p2g.nyc/contact/](http://p2g.nyc/contact/)

# Referral Centers

Lòt opsyon pou lekòl segondè

# Èske w bezwen yon diplòm?

Pran li avèk nou

SE PA JAN W  
KÒMANSE AN...  
SE JAN W  
FINI AN!!

## Nou devwe pou ede w reyisi

### Jwenn yon kote epi enskri

**1** Jwenn sant rekòmandasyon ki pi pre lakay ou a. Apre ou fin wè avèk yon konseye pedagojik ki gen eksperyans oswa travayè sosyal epi pran yon tès admisyon, n ap ede w enskri nan youn nan 85 lokal ki atravè 5 borough nou yo



### Ale nan kou epi fè travay ou gen pou fè

**2** Klas yo fèt pandan jounen epi suiv kalandriye lekòl Depatman Edikasyon vil Nouyòk la. L ap pran omwen 6 semèn, men li ka pran plis tan tou depann de nivo akademik ou ak kantite fwa ou pral nan klas. Plis w ale nan klas, pi vit w ap kapab gen diplòm HSE ou a!



### Pran tès la

**3** GED a pa fasil, men pwofesè ak estaf P2G yo pral prepare w pou pase li. Egzamen an gen 4 seksyon epi li dire 7 èdtan. Pandan w ap prepare pou pase GED a epi pou gen diplòm HSE ou a, sant resous pou kolèj ak karyè a ap ede w planifye pwochen etap yo.



### Reyisi

**4** Avèk anpil travay, w ap pase GED a epi gradye. Gen diplòm HSE ou a se yon etap enpòtan sou wout pou nouvo opòtinite enteresan nan edikasyon ak nan karyè.

